

Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf
Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan



Ranpli mond lan ak amou Kris la

Lè n ap panse ak Nwèl, nou souvan panse sou bay ak resevwa kado. Kado yo kapab fè pati yon tradisyon presye, men yo ka detounen nou de diyite senp sezon an tou pou anpeche nou selebre nesans Sovè a nan yon fason siyifikatif.

Mwen konnen apati eksperyans pèsònèl ke Nwèl ki pi memorab yo se kapab sa ki pi senp yo. Kado anfans mwen yo te modès anpil konpare ak sa jodia yo. Pafwa m te konn resevwa yon chemiz oswa yon pè gan oswa yon pè chosèt reprize. M sonje yon Nwèl espesyal kote frè m nan te ban m yon ti kouto anbwa li te fè pou mwen.

Nou pa oblije gen kado chè pou nou fè Nwèl gen sans. Mwen sonje yon istwa Èldè Glen L. Rudd, ki te sèvi kòm Swasanndis soti 1987 rive 1992, te rakonte. Yon jou lavèy Nwèl sa gen kèk ane, pandan li t ap dirije magazen evèk la, yon dirijan eklezyastik te pale li de yon fanmi ki te fèk vin abite nan zòn nan ki te nan bezwen. Lè li t al vizite ti apatman tou piti yo a, li te dekouvri yon jèn manman selibatè ak kat timoun anba dizan.

Fanmi an te sitèlman nan bezwen ke manman an pa t ka achte ni sirèt ni kado pou pitit li yo pou Nwèl la—li pa t ka menm achte yon abdenwèl. Frè Rudd te pale avèk fanmi an epi li te aprann ke twa tifi yo ta renmen gen yon poupe oswa yon nounous. Lè l te mande tigason sizan an kisa l te vle, tigason an tou grangou te reponn: “Mwen ta renmen yon bòl labouyi.”

Frè Rudd te pwomèt tigason an labouyi a e petèt yon lòt bagay tou. Apresa li te ale nan magazen evèk la epi li te rasanble manje ak lòt bagay pou te reponn ak bezwen imedyat fanmi an.

Nan menm jou maten an, yon manm legliz plen jene-wozite te ba li 50 dola “pou yon moun ki nan bezwen.” Frè Rudd te itilize don sa a, li te abiye twa nan pitit pa l yo epi yo te ale fè acha Nwèl—pitit li yo te chwazi jwèt pou timoun sa yo ki te nan bezwen yo.

Aprè l te fin ranpli machin nan avèk manje, rad, kado, yon abdenwèl, ak kèk dekorasyon, fanmi Rudds te kondui al nan apatman fanmi an. Lè yo te rive, yo te ede manman an ak timoun yo dekore abdenwèl la. Apresa yo te mete kado yo anba li epi yo te bay tigason an yon gwo sache farin pou l te fè labouyi.

Manman an te kriye, timoun yo te kontan, epi yo tout te chante yon chante Nwèl. Jou swa sa a, fanmi Rudd te reyini pou dine, yo te bay remèsiman dèske yo te gen okazyon pou pote yon ti lajwa Nwèl bay yon lòt fanmi epi ede yo tigason resevwa yon bòl labouyi.¹

Kris la ak Espri bay la

Panse sou fason senp men diy ke Papa nou ki nan Syèl la te chwazi pou onore nesans Pitit Gason l lan. Nan jou swa sakre sa a, zanj te parèt non pa devan moun rich yo men devan bèje yo. Kris, tibebe a, te fèt non pa nan yon

palè men nan yon etab. Li te vlope non pa nan twal swa men nan gwo moso twal.

Senplisite premye Nwèl sa a sete yon apèsi sou lavi Sovè a. Malgre ke Li te kreye tè a, Li te mache nan wayòm plen majeste ak laglwa, epi Li te kanpe adwat Papa a, Li te vin sou tè a tankou yon timoun san defans. Lavi Li sete yon modèl noblès modès, epi Li te mache nan mitan pòv yo, malad yo, moun yo te rejte yo, ak moun ki te chanje anba chay yo.

Malgre ke Li sete yon wa, Li pa t sousye pou onè ni richès lèzòm. Lavi Li, travay Li, ak aktivite chak jou Li sete kokennchenn egzanp diyite senp men ki pwofon.

Jezikri, ki te pafètman konnen kijan pou bay, tabli egzanp bay la pou nou. Pou moun ki gen kè yo chaje ak solitud ak chagren, Li pote konpasyon ak rekonfò. Pou moun kò yo ak lespri yo aflije anba maladi ak soufrans, Li pote lanmou ak gerizon. Pou moun ki gen nanm yo chaje anba peche, li ofri lespwa, padon, ak redanmsyon.

Si Sovè a te pami nou jodia, nou t ap jwenn ni kote L te toujou ye yo—ap sèvi moun ki pa genyen an, moun yo meprize a, moun enb la, moun ki andetrès la, ak pòv an espri a. Pandan sezon Nwèl sa a e tout tan, annou ba Li nan renmen jan Li renmen an. Se pou nou sonje diyite enb nesans Li, kado Li, ak lavi Li. Epi, atravè aksyon jantiyès, charite, ak konpasyon, se pou nou ranpli mond lan avèk limyè amou Li ak pouvwa gerizon Li.

NÒT

1. Gade Glen L. Rudd, *Pure Religion: The Story of Church Welfare since 1930* (1995), 352–53; gade tou Glen L. Rudd, “A Bowl of Oatmeal,” *Church News*, Des. 2, 2006, 16.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Uchtdorf anseye ke nou dwe toujou suiv modèl Sovè a nan bay la. Panse pou w mande moun w ap vizite yo pou yo pran tan pou site yon kado Sovè a ba yo, epi di kijan yo ka itilize kado sa a pou sèvi lòt moun. Pa egzanp, si yon manm te jwenn fòmasyon mizikal kòm benediksyon, li ka ale chante pou kèk nan

vwazen l yo. Ou ka ofri pou w mete ajenou pou priye avèk moun w ap vizite yo, pou mande yo enspirasyon sou don pou yo pataje, sou fason pou yo pataje yo, e avèk kimoun pou yo pataje yo. Fè suivi sou nenpòt enspirasyon ou resevwa.

JÈN YO

Aprann apati eksperyans lòt moun

Prezidan Uchtdorf pale apati eksperyans pèsònèl lè li anseye ke “Nwèl ki pi memorab yo se kapab sa ki pi enb yo.” Nou ka aprann anpil nan men jenerasyon anvan an; anpil grandèt te pase pa epòk lagè, epòk san travay, epòk maladi, oswa lòt eprèv. Mande manm grandèt yo ki nan pawas ou oswa branch ou yo pou yo pale w de Nwèl ki te pi siyifikan pou yo. Ou gen dwa ekri istwa yo. Eseye aprann nan egzanp yo kote w ap konsantre sou Nwèl sa a plis sou rann sèvis sensè ak sou sonje Sovè a.

TIMOUN YO

Kado nan men Jezikri

Gen kèk moun ki itilize yon abdenwèl pou selebre nesans Jezikri a. Pafwa moun yo mete kado pou lòt moun anba abdenwèl la. Ki kado Sovè a ba ou? Desine pwòp abdenwèl pa ou avèk kado anba li. Li ekri yo ki anba a epi kolorye yon kado pou chak ekriti. Ou gen dwa bay Jezi kado tou nan jwenn fason pou w ede lòt moun.

Som 33:6

Jan 14:27

Jan 15:9

2 Nefi 2:8

3 Nefi 15:9



Lafwa, Fanmi, Sekou

Misyon Divin Jezikri: Prens Lapè

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konn kisa pou nou pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye a? Pou plis enfòmasyon ale nan .Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org reliefsociety.lds.org.

Sa a se yon pati nan yon seri Mesaj Vizit nan Fwaye ki dekri aspè sou misyon Sovè a.

Eldè Quentin L. Cook nan Kolèj Douz Apot yo te di: “Sovè a se sous vrè lapè. Menm nan mitan eprèv lavi yo, Ekspyasyon Sovè a ak gras li pèmèt moun ki ap menen yon lavi jis yo gen lapè pèsònèl kòm rekonpans.”¹ Konprann ke Jezikri se Prens Lapè kapab ede nou jwenn lapè enteryè e ogmante lafwa nou nan Li.

Jezikri te di: “Mwen pale konsa pou nou kapab gen kè poze nan mwen. Nou gen pou n soufri anpil tribilasyon nan mond lan. Men, pran kouraj, mwen venk mond lan” (Jan 16:33). Pandan li t ap ran temwayaj li konsènan verite sa a, Linda S. Reeves, dezyèm konseyè nan prezidans jeneral Sosyete Sekou a, te di: “Senyè a te gen mi-zèrikòd pou mwen epi li te aleje

fado m yo. Li te ede m santi gwo lapè.”²

Eldè Richard G. Scott nan Kolèj Douz Apot yo te anseye: “Plas ideyal pou . . . lapè sa a se nan fwaye nou, kote nou fè tout sa ki posib pou nou fè Senyè a, Jezikri, vin sant fwaye a.”³

Ekriti adisyonèl

Ezayi 9:6; Lik 2:14; Jan 14:27;
1 Nefi 13:37;
Doktrin ak Alyans 59:23

Nan Ekriti yo

Ezayi te pwofetize sou nesans Jezikri, Prens Lapè a (gade Ezayi 9:6). Nan Amerik yo, Samyèl, Lamanit la, te pwofetize sou siy ki t ap gen pou akonpaye nesans Kris la senk ane apre (gade Elaman 14:3, 5). Lè jou li te pwofetize a t ap apwoche, enkwayan yo te fè menas pou te touye tout kretyen yo si siy yo pa

t parèt. Pwofèt Nefi “te rele nan pye Senyè a tout jou sa a; e gade, vwa Senyè a te fè tande l, li te di: . . . demen m ap vini nan mond lan” (3 Nefi 1:12–13). Siy yo te parèt, epi avèk nesans Kris la, “pèp la te kòmanse gen lapè nan peyi a ankò” (vèsè 23).

Nan Betleyèm, Mari “te fè premye pitit li a, li te vlope li nan kouchèt, epi li te mete l kouche nan yon kay kote yo bay bèt manje” (Lik 2:7).

NÒT

1. Quentin L. Cook, “Personal Peace: The Reward of Righteousness,” *Liahona*, Me 2013, 35.
2. Linda S. Reeves, “Claim the Blessings of Your Covenants,” *Liahona*, Nov. 2013, 120.
3. Richard G. Scott, “For Peace at Home,” *Liahona*, Me 2013, 29.

Panse sou sa

Nan ki fason Sovè a pote lapè pou ou nan lavi ou?